

Sele Episkopal la

Evèk*
Garland F. Byers, Jr., J.D., D.D.‡
Evèk pou Nasyon yo, anba Mandatman Apostolik

Sele a se mak pèsonèl evèk la. Yo mete l' sou lèt li yo, sou ekri li yo ak sou dokiman li yo, e li kanpe nan tèt ministè Pawòl sa a.

Depi lontan, yon sele pou tèt li se yon bagay ki pou chaj evèk la. Depi premye syèk yo, kretyen yo te konn sele ak bag ki te gen siy kretyen sou yo; Klemann Aleksandri, ki t'ap ekri anviwon ane 200 apre Jezikri, te konseye moun ki kwè yo pou sele yo pote «yon pijon, oswa yon pwason, oswa yon bato k'ap kouri devan van an, oswa yon lir mizik ... oswa lank yon bato» (tradui apati tèks anglè ANF 2).[1] Rive nan douzyèm syèk la, se te yon abitid ki byen etabli pou evèk toupatou nan Legliz la te gen pwòp sele pa yo.[2] Yon sele konsa montre an imaj bagay ki pi enpòtan pou evèk la, e li fè l' chonje yo pandan tout ministè li.

Se konsa sa ye pou sele sa a tou. Chak eleman ki sou li gen yon sans pèsonèl pou evèk la nan pwòp apèl li bay Kris la. Gen yon istwa dèyè li; yo pa rakonte istwa sa a isit la, men evèk la konnen l', e se pa l'. Sa chak eleman vle di esplike pi ba a, ak pasaj Ekriti li chita sou yo.

Sa ki ladan l

Kwa an lò a · Reyon limyè yo · Bib la · Zèklè yo · Dragon an · Glòb la

Kwa an lò a

Nan mitan sele a, gen kwa Jezikri a. Se la li te triyonfe sou lanmò e li te genyen lavi ki p'ap janm fini an pou tout moun ki kwè nan li. Ak soufrans li, krisifiksyon li, lanmò li ak rezirèksyon li, li te peye dèt peche lèzòm te dwe Bondye depi moun te tonbe nan peche nan jaden Edenn lan.

> *«Se poutèt yon sèl moun peche antre sou latè. Peche a louvri pòt pou lanmò. Se konsa lanmò vin pou tout moun, paske tout moun fè peche.»*
>
> Ròm 5:12

> *«Kris la te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou te kapab mouri annegad peche, pou nou te ka viv dwat devan Bondye. Li te kite yo maltrete l' pou l' te ka geri nou.»*
>
> 1 Piè 2:24

Kwa a se siy viktwa sa a. Sou kwa a, Kris la te efase «papye kote tou sa nou te dwe l' yo ekri a. Papye sa a te kondannen nou devan lalwa. Kris la detwi l' nèt lè li kloure l' sou kwa a. Avèk Kris la ki mouri sou kwa a, Bondye wete tout pouvwa ak tout otorite lespri yo te genyen nan lemonn. Li fè tout moun wè sa yo ye. Li fè yo mache tankou prizonye devan Kris la ki te genyen batay la» (Kolòs 2:14–15). Pwomès kwa a se lavi ki pa gen fen: «Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an» (Jan 3:16).

Kwa a fè konnen tou moun ki kwè nan li deja genyen viktwa sa a:

> *«Lanmò! Kote batay ou genyen an? Lanmò! Kote pouvwa ou te gen pou fè nou lapenn lan? ... Men, ann di Bondye mèsi, li menm ki fè nou genyen batay la sou lanmò gremesi Jezikri, Seyè nou an!»*
>
> 1 Korint 15:55, 57

Yo pral gouvènen avè l' pou tout tan nan Peyi Wa li a: «Si nou kenbe l' fèm nan soufrans nou, n'a gouvènen ansanm avè l' tou» (2 Timote 2:12), e «y'a gouvènen pou tout tan» (Revelasyon 22:5).

Kwa a fèt an lò pou montre li pirifye kretyen an. San Jezi a tankou yon difè ki netwaye metal: «Jezi, Pitit Bondye a, va netwaye nou ak san li anba tout peche nou yo» (1 Jan 1:7). Menm jan yo pirifye lò nan difè, se

konsa kretyen an pirifye anba tout peche. Sou Seyè a, men sa ki ekri: «L'ap tankou dife yo sèvi pou fonn fè. ... La vini tankou moun k'ap fonn fè pou wete kras ki ladan l'. L'ap netwaye pitit pitit Levi yo, l'ap wete tou sa ki pa bon nan yo tankou yo netwaye lò ak ajan» (Malachi 3:2–3).

Pafwa kretyen yo fè fas ak eprèv ak tribilasyon. Yo dwe wè yo tankou lò y'ap pase nan dife, pou moun ki rete fidèl jouk kwa a ka gen lavi ki p'ap janm fini an:

> *«Sa fè nou kontan anpil, menm si koulye a nou blije gen lapenn anpil pou yon ti tan, avèk tout kalite eprèv n'ap sibi yo. Paske, konfyans nou se tankou lò li ye. Yo blije pase lò a, ki yon bagay perisab, nan dife pou wè si l' bon. Konsa tou, konfyans nou ki gen plis valè pase lò a gen pou pase anba eprèv tou, pou nou ka resevwa lwanj, onè ak respè lè Jezikri va parèt.»*
>
> 1 Piè 1:6–7

> *«Men, Bondye konnen tout ti vire tounen mwen. Si li sonde m', l'a wè m' bon tankou bon lò ki pase nan dife.»*
>
> Jòb 23:10

Seyè a li menm bay konsèy sa a: «mwen ta ba ou konsèy achte nan men m' bon lò san melanj ki pase nan dife. Konsa ou va rich tout bon» (Revelasyon 3:18). Li pwomèt moun ki fidèl yo: «kenbe fèm menm si nou gen pou n' mouri. M'a ban nou lavi pou rekonpans» (Revelasyon 2:10).

Reyon limyè yo

Reyon limyè k'ap klere dèyè kwa a vle di kwa a se limyè lemonn. Seyè a te di: «Se mwen menm ki limyè k'ap klere tout moun ki sou latè. Moun ki swiv mwen va gen limyè ki bay lavi a. Yo p'ap janm mache nan fènwa» (Jan 8:12).

Reyon yo vle di tou moun ki swiv Kris la se pitit limyè. «Mete konfyans nou nan limyè a pandan nou genyen l' lan, pou nou kapab moun limyè a» (Jan 12:36). «nou tout se moun k'ap viv nan limyè, nan gwo lajounen. Nou pa moun k'ap viv nan lannwit, nan fènwa!» (1 Tesalonik 5:5). «Nan tan lontan, nou te nan fènwa. Men koulye a, paske n'ap viv ansanm nan Seyè a, nou nan limyè. Se sa ki fè, fòk nou mennen tèt nou tankou moun k'ap viv nan limyè a.» (Efèz 5:8).

Kretyen yo dwe tankou yon lanp pou lemonn, chak moun yon reyon nan limyè sa a:

> *«Se limyè nou ye pou moun sou latè. Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn. Ni yo pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit. Men, yo mete l' sou yon etajè, pou l' klere pou tout moun ki nan kay la. Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la.»*
>
> Matye 5:14–16

Yo fè sa lè yo resevwa prezans Sentespri a e yo kite Lespri a ki nan yo a klere nan lavi yo. Lè sa a, limyè verite a klere nan lavi yo, e lavi sa yo vin tounen yon ofrann vivan: «Se sak fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon.» (Ròm 12:1). Lè sa a, lòt moun ka gade kretyen yo e wè yo diferan: «pou yo pa jwenn anyen pou yo repwoche nou, pou nou ka fè sa ki byen tankou bon pitit Bondye, antan n'ap viv nan mitan bann moun malonèt ak bann mechan sa yo ki sou latè. Se pou nou klere nan mitan yo tankou zetwal nan syèl la» (Filip 2:15). Kretyen yo se limyè lemonn paske yo swiv Limyè lemonn lan, nonm Jezi a menm, ki se Kris la.

Bib la

Bib la se règ ak gid lafwa, pawòl Bondye a ki pa gen erè:

> *«Tou sa ki ekri nan Liv la, se nan Lespri Bondye a yo soti. Y'ap sèvi pou moutre moun verite a, pou konbat moun ki nan lerè, pou korije moun k'ap fè fòt, pou moutre yo ki jan pou yo viv byen devan Bondye. Konsa, yon moun k'ap sèvi Bondye, li tou pare, li gen tou sa li bezwen pou l' fè tou sa ki byen.»*
>
> 2 Timote 3:16–17

Yo bay kretyen an li pou l' sèvi avè l' tankou yon nepe: «pawòl Bondye a tankou yon nepe Sentespri a ban nou» (Efèz 6:17):

> *«Pawòl Bondye a gen lavi, li gen pouvwa. Li pi file pase kouto de bò. Li koupe jouk li jwenn kote nanm ak lespri moun fè yonn, jouk kote vyann ak mwèl zo kontre. Li jije tout santiman ak tout lide ki nan kè moun.»*
>
> Ebre 4:12

Se konsa Seyè a li menm te sèvi avè l'. Lè Lespri Bondye te pouse Jezi ale nan dezè a «pou Satan te ka tante l'», li te reponn chak tantasyon ak pawòl ki ekri a:

- «Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye tou.» (Matye 4:4)
- «Men sa ki ekri tou: Ou pa dwe seye sonde Mèt la, Bondye ou.» (Matye 4:7)
- «Wete kò ou sou mwen, Satan. Paske, men sa ki ekri: Se Mèt la, Bondye ou, pou ou adore, se li menm sèl pou ou sèvi.» (Matye 4:10)

Apre sa, dyab la kite l' (Matye 4:11).

Bib la se mezi kretyen an sèvi pou l' viv lavi l': «Pawòl ou se yon chandèl ki fè m' wè kote m'ap mete pye m', se yon limyè k'ap klere chemen mwen» (Sòm 119:105); «Pawòl ou se verite a» (Jan 17:17). Li la pou tout tan: «Seyè, pawòl ou la pou tout tan. Y'ap toujou rete jan yo ye a nan syèl la.» (Sòm 119:89); «Syèl la ak tout tè a va pase, men pawòl mwen p'ap janm pase» (Matye 24:35).

Li anrejistre pou tout tan kijan moun ki kwè a ka jwenn lavi ki p'ap janm fini an: «Tou sa ki ekri nan Liv sa a, mwen ekri yo pou nou ka kwè Jezi se Kris la, Pitit Bondye, pou lè nou kwè a nou ka gen lavi nan li.» (Jan 20:31). E li bay Bondye glwa, ansanm ak sèl Pitit li a, Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou an: «N'ap plede etidye sa ki ekri nan Liv la, paske nou mete nan tèt nou nou ka jwenn lavi ki pa janm fini an ladan li. Men, se Liv sa a menm ki pale sou mwen» (Jan 5:39).

ZÈKLÈ YO

Liy limyè ki soti nan Bib la e ki vlope dragon an ak lemonn se kout zèklè. Yo soti nan pawòl Bondye a, e yo blese dragon an. Pawòl Bondye a se fòs ki pi pisan nan tout linivè a: «Mesaj mwen tankou dife, tankou mato k'ap kraze wòch an miyèt moso. Se mwen menm menm, Seyè a, ki di sa.» (Jeremi 23:29). Ekriti yo pale de zèklè Seyè a k'ap soti pou ale sou lènmi l' yo: «Li fè yo tout kouri ak kout zèklè» (Sòm 18:14); «Voye flèch ou yo. Fè lènmi m' yo gaye. Fè yo kouri ak kout zèklè» (Sòm 144:6).

Lè kretyen an di pawòl Bondye a, sa fè lènmi an mal, e li frape l' tankou yon kout zèklè. Lè swasanndis disip yo te tounen ak kè kontan, yo t'ap di: «ata move lespri yo soumèt devan nou, lè nou pran non ou pou chase yo», Seyè a te reponn yo:

> *«Mwen te wè Satan ap tonbe sot nan syèl la tankou yon zèklè. Koute: Mwen ban nou pouvwa pou nou mache sou sèpan ak eskòpyon, pou nou kraze tout pouvwa Satan anba pye nou, pou anyen pa kapab fè nou mal.»*
>
> Lik 10:18–19

Zèklè a frape dragon an li menm, «sèpan ki la depi lontan an, li menm yo rele diab la osinon Satan, k'ap plede twonpe tout moun» (Revelasyon 12:9), e li frape moun ki swiv li yo. Li frape nan domèn lespri a, «Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k'ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a» (Efèz 6:12), ak toupatou nan lemonn kote l'ap travay. Se konsa sen yo te «goumen ak li jouk yo gen batay la, gremesi san ti Mouton an ki te koule ak verite yo t'ap pibliye a» (Revelasyon 12:11), e se konsa yo pwomèt chak moun ki kwè: «pran pozisyon kont Satan, la kouri kite nou» (Jak 4:7).

Dragon an

Dragon an reprezante Satan, Ekriti a souvan rele dragon: «Li pran dragon an, sèpan ki la depi lontan an, sa yo rele diab la, osinon Satan» (Revelasyon 20:2).

Li enwoule toutotou lemonn paske Ekriti a di se li ki bondye lemonn sa a: «Yo pa kwè paske sa yo pran pou Bondye nan lemonn lan bouche lespri yo. Li enpoze yo wè limyè bon nouvèl la. Se bon nouvèl sa a ki fè nou konnen pouvwa Kris la, li menm ki pòtre Bondye» (2 Korint 4:4). Seyè a te rele l' «chèf k'ap dominen lemonn lan» (Jan 12:31), e apòt Jan te ekri: «tou sa ki sou latè anba pouvwa Satan» (1 Jan 5:19). Li kenbe lemonn ki tonbe nan peche sa a pi plis pase jan kretyen an konnen oswa konprann. Depi moun te tonbe nan peche nan jaden Edenn lan, move enfliyans li rive nan tout sa kretyen an rankontre chak jou. Se li ki «chèf otorite yo ki nan lè a, move lespri k'ap travay koulye a nan moun k'ap dezobeyi Bondye yo» (Efèz 2:2), e «dyab la, lènmi nou an, ap veye nou tankou yon lyon ki move, k'ap chache moun pou l' devore» (1 Piè 5:8).

Dragon an leve tèt li anlè bò kote kwa a pou montre jan dyab la ap defye pawòl Bondye a aklè. Sa montre li rejte Bondye, Kris li a ak tout sa ki sen, e li gen entansyon aklè pou l' kanpe kont tout sa Bondye mete an mach depi kòmansman tan an. Sitou, sa montre li gen entansyon detwi lèzòm, Bondye te fè pòtre ak li: «Bondye kreye moun. Li fè l' pòtre ak li. Li kreye yo gason ak fi» (Jenèz 1:27). Seyè a te di konsènan li: «Depi nan konmansman se sa ase l'ap fè: touye moun. Li pa janm pran pozisyon pou verite a paske pa gen verite menm nan li» (Jan 8:44). «(17-18) Se pa ti move dragon an te move sou fanm lan. li al goumen avèk

lòt pitit fanm lan, sa vle di ak tout moun k'ap obeyi kòmandman Bondye yo, k'ap kenbe fèm nan verite Jezi te fè nou konnen an» (Revelasyon 12:17).

Li kontinye defye Bondye konsa, ansanm ak lame zanj li ki vire do bay Bondye yo ak moun mechan sou latè k'ap swiv li, jouk yo jete l' nan lètan difè a, ansanm ak tout moun k'ap swiv li, jan liv Revelasyon an rapòte sa:

> *«Lè sa a, yo pran Satan ki te alatèt yo, yo jete l' nan lètan difè ak soufla, menm kote yo te deja jete bèt la ak fo pwofèt la. Yo pral soufri anpil, lajounen kou lannwit pou tout tan.»*
>
> Revelasyon 20:10

> *«Wete kò nou sou mwen, nou menm ki gen madichon! Al nan difè ki p'ap janm mouri an, difè ki te pare pou dyab la ak zanj li yo.»*
>
> Matye 25:41

Glòb la

Glòb la gen pwòp sans pa l', apa dragon ki enwoule toutotou l' la. Se latè, sa Bondye kreye. Lè Bondye te fin fè travay li, «Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon nèt» (Jenèz 1:31).

Bondye te bay lèzòm latè pa yon mandatman ki soti nan syèl la:

> *«Li ba yo benediksyon, li di. Fè pitit, fè anpil anpil pitit mete sou tè a. Donte tè a. Mwen ban nou pouvwa sou pwason ki nan lanmè, sou zwazo ki nan syèl la, ak sou tout bèt vivan k'ap mache sou tè a.»*
>
> Jenèz 1:28

> *«Syèl la se pou Seyè a li ye. Li bay moun latè pou yo.»*
>
> Sòm 115:16

Lèzòm te pèdi pouvwa sa a lè yo te dezobeyi Bondye nan jaden Edenn lan e yo te manje fwi yo te defann yo manje a: «Poutèt sa ou fè a, m'ap madichonnen tè a» (Jenèz 3:17).

Kris la kòmande moun k'ap swiv li yo pou yo obeyi l': «Si nou renmen m', se pou n' obeyi kòmandman m' yo» (Jan 14:15). Li voye apòt li yo bay tout nasyon:

> *«Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon, batize yo nan non Papa a, Pitit la ak Sentespri a. Moutre yo pou yo obsève tou sa mwen te ban nou lòd fè.»*
>
> Matye 28:19–20

Li voye yo pou lemonn sa a ka rachte e pou l' ka byen ankò ak Bondye, ak lèzòm k'ap egzèse pouvwa sou latè jan Bondye te vle l' okòmansman. Paske kreyasyon an «yon lè la delivre anba esklavaj pouvwa k'ap gate l' la, pou l' ka jwi bèl libète pitit Bondye yo» (Ròm 8:21).

Lapriyè Seyè a pale de sa: «vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la» (Matye 6:10). Nan pawòl sa yo, Jezi li menm fè konnen Bondye vle latè retounen nan lòd li te vle okòmansman an. Lè l' retounen nan lòd sa a, sa vle di pawòl Bondye a ak sakrifis Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou an, te genyen batay la sou dyab la, Satan. Lè sa a, «Pouvwa pou gouvènen sou latè a, koulye a se nan men Mèt nou an ak nan men Kris li a sa ye. L'ap gouvènen pou tout tan» (Revelasyon 11:15). Nan chante nouvo a, yo di konsènan moun ki rachte yo: «Se yo ki va gouvènen sou latè a» (Revelasyon 5:10).

Senbòl sa a sou sele a fè chak kretyen chonje devwa yo genyen pou fè Peyi Wa Bondye a parèt sou latè. Jezi te preche: «Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li» (Matye 4:17), e li te voye disip li yo di: «Gouvènman Bondye a rive toupre nou» (Lik 10:9). Kote Jezi ye, Peyi Wa a la. Se konsa sa pral ye nan jou li triyonfe sou dragon an, lè lèzòm va egzèse pouvwa sou latè ankò jan Bondye te vle l' okòmansman.

Nyaj tanpèt yo ak dlo k'ap move yo

Nyaj tanpèt yo reprezante van an, ki isit la se Sentespri a. Seyè a li menm te konpare Lespri a ak van: «Van an soufle kote l' vle. Ou tande bri l'ap fè. Men, ou pa konnen ki bò l' soti, ni ki bò l' prale. Se menm jan an pou tout moun ki fèt nan Lespri Bondye» (Jan 3:8). Nan jou Lapannkòt la, Lespri a te vini «tankou yon gwo van k'ap soufle» (Travay 2:2). Okòmansman, «Lespri Bondye t'ap plane sou dlo ki te kouvri tout latè» (Jenèz 1:2).

Lè kretyen an sèvi ak pawòl Bondye a e zèklè a frape sèpan an ak moun k'ap swiv li yo nan domèn lespri a, Sentespri a deplase tankou yon van sen ak yon tanpèt. Mouvman sa a souke menm dlo ki sou latè, paske «Seyè a fè tande vwa li sou lanmè. Bondye ki gen pouvwa a fè loraj yo gwonde. Seyè a ap mache sou tout lanmè a» (Sòm 29:3). Tout latè santi efè lafwa moun ki kwè a genyen nan pawòl Bondye a, ak jan li sèvi avè l'

tankou yon nepe. Lè yo sèvi avè l' byen, Sentespri a deplase nan glwa, nan pouvwa ak nan otorite. Se konsa sa te ye pou Legliz premye tan yo: «Lè yo fin lapriyè, kote yo te ye a pran tranble. Yo tout te anba pouvwa Sentespri, epi yo pran anonse pawòl Bondye a avèk konviksyon.» (Travay 4:31).

Nyaj tanpèt yo ak dlo k'ap move yo reponn kretyen an: lè l' sèvi ak pawòl Bondye a, e lè l' rele Sentespri a nan lafwa nan Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou an. Seyè a li menm, «li pale byen fò ak van an, li di: -Pe la. Li di dlo a: -Rete trankil. Latou, van an tonbe epi vin gen yon gran kalmi.», e disip li yo te mande: «Ki moun li ye menm, pou jouk van ak dlo lanmè a obeyi li?» (Mak 4:39, 41). Li te pwomèt menm otorite a bay moun ki kwè yo:

> *«Sa m'ap di nou la a, se vre wi: si yon moun di mòn sa a: Wete kò ou la, al jete ou nan lanmè, si l' pa gen doutans nan kè l' menm, si l' gen fèm konviksyon sa l' di a gen pou rive, la wè l' rive vre.»*
>
> Mak 11:23

Konsa, malgre yo di lemonn anba kontwòl dyab la, pawòl Bondye a triyonfe. Li bay kretyen an otorite sou sa lèzòm te lage bay Satan lè yo te tonbe nan peche nan jaden Edenn lan. Grasa pawòl Bondye a, grasa san ki gen gwo valè a ak sakrifis Jezikri a, e grasa otorite li, moun ki kwè a retounen nan plas ki pou li a. Lè l' di pawòl Bondye ki nan Ekriti a, latè li menm reponn, e se Sentespri a ki fè repons sa a rive. Lespri a bay lapriyè kretyen an pouvwa: «se Lespri Bondye a menm k'ap lapriyè Bondye pou nou. L'ap pouse gwo soupi moun pa ka esplike» (Ròm 8:26). Lespri a bay lòd li bay nan Lespri a pouvwa tou, menm sou sa ki te pèdi, tank glwa Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou an, gran: «Nenpòt kisa n'a mande nan non m', m'a fè l' pou nou» (Jan 14:14).

Ekriti a rapòte pwòp pawòl Seyè a: «Mwen resevwa tout pouvwa nan syèl la ak sou tè a» (Matye 28:18). Moun ki kwè nan Kris la jwenn pouvwa sa a grasa san ti Mouton an ki gen gwo valè a, e grasa lafwa yo genyen nan li.

Koulè yo: fon ble a ak bòdi an lò a

Fon ble a se syèl la. Depi okòmansman, lèzòm leve je yo gade syèl la lè y'ap pale ak Bondye: «Ou menm ki chita sou fotèy ou nan syèl la ap gouvènen, se bò kote ou mwen leve je mwen» (Sòm 123:1). Seyè a te

moutre disip li yo lapriyè: «Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou» (Matye 6:9).

Ble a reprezante domèn syèl la kretyen an antre ladan l' nan lapriyè ak siplikasyon. Se kote fòtèy Bondye a ye: «Men sa Seyè a di ankò: -Syèl la, se fòtèy kote mwen chita a. Tè a, se ti ban pou m' lonje pye m'.» (Ezayi 66:1). Kretyen an pa wè fòtèy sa a e li pa ka konnen l', men li gade bò kote l' nan lafwa grasa Jezikri, paske «Si n'ap mache, se pa paske nou wè tout bagay klè, men se paske nou gen konfyans nan Kris la» (2 Korint 5:7). Li vini, jan Ekriti a di: «ann pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la n'a jwenn padon pou peche nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesesite» (Ebre 4:16).

«Gen bagay nou pa konnen, se bagay Bondye kenbe nan kè l' pou li menm. Men, bagay li fè nou konnen yo, se bagay nou menm ak pitit nou yo pa dwe janm bliye pou nou ka fè tou sa li mande nou fè nan lalwa a.» (Deteronòm 29:29). Bondye bay lèzòm ase konesans pou yo asire delivrans yo. Konesans sa a vini grasa pawòl ki ekri nan Bib la, liv Bondye a: «Se liv sa a k'ap ba ou bon konprann, bon konprann ki fè moun rive delivre, gremesi konfyans yo gen nan Jezikri» (2 Timote 3:15). Li vini tou grasa enstriksyon, ansèyman ak egzanp Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou an.

Lè kretyen an leve kè l' nan lapriyè, li moute nan syèl la, nan ble a ki reprezante domèn syèl la: «Ann leve bra nou nan syèl la, ann lapriyè nan pye l'!» (Plenn 3:41). «Se pou lapriyè m' moute devan ou tankou lansan y'ap boule pou ou a! Wi, se pou lè m' leve men m' pou m' lapriyè, se tankou ofrann yo fè pou ou chak swa a.» (Sòm 141:2). «Lafimen lansan li t'ap boule a pran moute nan men zanj ki te devan Bondye a, ansanm ak lapriyè pèp Bondye a.» (Revelasyon 8:4).

Bòdi an lò a pale de jan kretyen an pirifye, jan sa esplike pi wo a anba kwa an lò a. Lè yon moun kwè nan Jezikri ak nan pouvwa san li, sa se yon difè ki netwaye l', menm jan yo netwaye lò nan difè. «Mwen pral pase rès moun sa yo nan difè. Mwen pral netwaye yo menm jan yo netwaye ajan nan difè. Mwen pral wè ki kalite moun yo ye menm jan yo pase lò nan difè pou wè si li bon. Y'a lapriyè nan pye m', m'a reponn yo» (Zakari 13:9). Isit la, lò a reprezante kretyen ki pirifye a, ki kwè nèt e ki mete tout konfyans li nan Jezikri, «Wa tout wa yo, Chèf tout chèf yo» (Revelasyon 19:16).

Enskripsyon an

Toutotou bòdi a, gen enskripsyon «GARLAND F. BYERS, JR. ✠ EPISCOPUS». Non an make sele a kòm sele pa evèk la. *Episcopus* se mo laten pou evèk. Li soti nan mo grèk *episkopos*, «siveyan», mo Sen Pòl te sèvi lè l' te bay ansyen legliz Efèz yo lòd sa a:

> *«Veye kò nou, veye sou tout bann mouton Sentespri a mete sou kont nou. Okipe legliz Bondye a, legliz li te achte ak pwòp san Pitit li a.»*
>
> Travay 20:28

Ansanm, non an ak tit la vle di evèk la patisipe nan lagè espirityèl k'ap mennen chak jou: «Zam m'ap sèvi nan batay m'ap mennen an, se pa menm ak zam moun k'ap viv dapre lide ki nan lemonn yo. Zam mwen se zanm ki gen pouvwa devan Bondye pou kraze tout gwo fò» (2 Korint 10:4). Li se yon manm gouvènman Bondye a, yo konsakre l' nan chaj evèk la, e yo ba li chaj pou l' fè konnen vrè doktrin, pa pou l' rete an silans. Paske «yon moun k'ap dirije legliz la, se li ki reskonsab travay Bondye a. Se pou li san repwòch ... Se pou l' kenbe mesaj verite a byen fèm, jan Kris la te bay li a, pou l' ka ankouraje lòt yo ak pawòl verite a, pou li ka demanti moun k'ap vire pawòl la lanvè» (Tit 1:7, 9).

Rete an silans ta konte kòm peche: «Se poutèt sa, moun ki pa fè byen li konnen li gen pou l' fè a, li fè peche.» (Jak 4:17). Seyè a te avèti faksyonnè ki wè lènmi ap vini e ki pa kònen klewon an: «se faksyonnè a k'ap pote reskonsablite lanmò yo» (Ezekyèl 33:6). Sen Pòl te di: «Malè pou mwen si m' pa anonse bon nouvèl la!» (1 Korint 9:16).

Enskripsyon an fè sonje parabòl talan yo (Matye 25:14–30). Yon mèt te renmèt domestik li yo byen li anvan l' pati vwayaje, e de nan yo te fè kòmès e yo te double sa yo te ba yo. Mèt la te di chak nan yo: «Sa se bèl bagay. Ou se yon bon domestik ki travay byen. Paske ou fè ti travay sa a byen, m'ap mete ou reskonsab pi gwo zafè toujou. vin fè fèt avèk mèt ou» (Matye 25:21). Twazyèm lan te kache talan li nan tè a, e mèt la te reponn li: «Gade jan ou se yon move domestik, ou parese konsa!» (Matye 25:26). Parabòl la fè evèk la chonje gwo obligasyon li genyen:

- pou l' di Bon Nouvèl Jezikri a jan li konprann li;
- pou l' kanpe pou sa ki byen e ki jis devan Bondye; ak
- pou l' yon bon domestik fidèl Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou an.

Evèk la pa konnen poukisa yo te rele l'. Li konnen sèlman yo te rele l', e se reyalite sa a sèlman ki ba li otorite ak responsablite. «Se pa nou ki chwazi m', se mwen menm ki chwazi nou, ki mete nou apa pou n' ale, pou n' ka donnen, pou donn nou ka konsève» (Jan 15:16). «Sa Bondye fè kado, li bay li nèt; li p'ap chanje lide lè l' fin rele yon moun» (Ròm 11:29). Moun yo bay anpil, yo mande l' anpil: «Moun yo bay anpil, y'ap mande l' anpil tou» (Lik 12:48).

Ti kwa ki mete ak non evèk la ak mo *Episcopus* la vle di li se yon evèk kwa a, yon evèk nan Legliz Jezikri, Seyè nou ak Sovè nou an. Yo montre kijan ni non li ni chaj li kanpe anfas Kris la. «Pou mwen menm, mwen p'ap vante tèt mwen pou lòt bagay pase pou kwa Kris la. Paske, gremesi kwa sa a, mwen mouri pou lemonn, lemonn mouri pou mwen» (Galasi 6:14). Evèk la dwe fidelite bay Kris la ak bay Bondye pi wo pase tout bagay. Kwa yo reprezante obeyisans sa a, ki pou Bondye sèlman:

> *«Si yon moun vle mache dèyè m', se pou li bliye tèt li. Se pou li chaje kwa l' sou zèpòl li chak jou, epi swiv mwen.»*
>
> Lik 9:23

> *«Pesonn pa ka sèvi byen ak de mèt an menm tan.»*
>
> Matye 6:24

> *«Se pou n' obeyi Bondye pase pou n' obeyi moun.»*
>
> Travay 5:29

Deviz la

Deviz *Euntes in Mundum Universum*, «Ale toupatou sou latè», ekri nan lò sele a. Li ekri an lò paske evèk la, ki te konsakre yon fason ki valab, te pirifye nan dife Sentespri a e li te resevwa Lòd Sakre yo. Lòd sa yo kounye a ba li yon responsablite pou l' gaye Bon Nouvèl la ki pi lou anpil pase sa li te genyen anvan. Dife sa a limen ankò chak fwa li fè yon zak sakramantèl. Jan Sen Pòl te ekri Timote: «kenbe kado Bondye te ba ou lè m' te mete men sou tèt ou a» (2 Timote 1:6).

Pawòl sa yo se mandatman apòt yo ak siksesè yo, evèk yo. Se lòd Kris la li menm:

> *«Ale toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl la bay tout moun.»*
>
> Mak 16:15

Pawòl Bondye a ak Bon Nouvèl Jezikri a dwe preche e dwe disponib pou tout nasyon sou latè: «Fòk yo gen tan mache bay bon nouvèl Peyi kote Bondye Wa a toupatou sou latè, pou tout moun ka tande mesaj la» (Matye 24:14). Se poutèt sa yo rele evèk la Evèk pou Nasyon yo. Mandatman Kris la nan Mak 16:15 mande tout moun li rele pou sèvi l' pou yo ale toupatou sou latè e pou yo anonse Bon Nouvèl la bay tout moun.

Nan tan lontan, sa te vle di pou moun nan te la an pèsòn: vwayaje, soti e gaye pawòl Bondye a. Nan tan kounye a, pou evèk la, sa vle di tou ekri e pibliye pawòl Bondye a ak vrè doktrin, e mete l' disponib sou World Wide Web, pou tout nasyon li l' si yo vle. «Ekri sa mwen pral fè ou wè a. Grave l' byen grave sou wòch plat pou moun ka li l' fasil.» (Abakouk 2:2). «Ki jan pou yo tande pale sou li, si pa gen pesonn pou fè konnen mesaj la?» (Ròm 10:14–15).

Aksepte pawòl Bondye a ak Jezikri se yon chwa pèsonèl, e yo pa dwe fòse pèsonn fè l'. «depi koulye a chwazi sa nou vle sèvi a» (Jozye 24:15). «Se pou tout moun ki vle ti gout nan dlo ki bay lavi a vin resevwa l' gratis» (Revelasyon 22:17). Seyè a di: «Mechan yo mèt plede ap fè toujou sa ki mal. Moun ki pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye yo mèt kontinye fè sa ki pa dakò ak sèvis Bondye. Moun ki bon yo mèt kontinye fè sa ki byen. Moun k'ap viv pou Bondye» (Revelasyon 22:11).

Travay ak fonksyon evèk la se mete pawòl Bondye a ak Bon Nouvèl Jezikri a devan moun ki kwè ak moun ki pa kwè. Pou moun ki kwè a, lafwa ka limen ankò, vin pi fò e vin pi solid, jan Seyè a te bay Pyè lòd: «lè wa tounen vin jwenn mwen, bay frè ou yo fòs» (Lik 22:32). Pou moun ki pa kwè a, sa ka mennen l' nan lafwa nan Jezikri, Seyè a ak Wa a, paske «se lè ou tande mesaj la ou vin gen konfyans. Mesaj la, se pawòl Kris la y'ap anonse» (Ròm 10:17).

NÒT

1 Klemann Aleksandri, *Pedagòg la*, liv 3, chapit 11.

2 *Encyclopædia Britannica*, s.v. «sigillography».



Euntes in Mundum Universum: «Ale toupatou sou latè» (Mak 16:15, Bib La).

Tout pasaj Bib an kreyòl ki sou paj sa a soti nan *Bib La* (1985), ki nan domèn piblik. Tèks: ebible.org/hat. Yo site vèsè yo san yo pa chanje anyen; twa pwen (...) make kote yo kite yon pati.